

[Politik Vizitè yo](#) - An Vigè apati 13 dawou 2021

Mount Sinai akeyi vizitè yo nan lopital yo, ni nan Sal Ijans yo, men se si vizitè yo respekte politik ki anba a. Pou vizitè nan kote nou bay swen mobil yo, [politik vizitè anbilatwa](#).

Enfòmasyon Jeneral sou Vizitè yo:

- Vizitè yo dwe gen 18 lane oswa plis.
- Y ap fè yo fè depistaj pou sentòm, tcheke tanperati yo epi y ap mande yo enfòmasyon kontak anvan yo antre.
- Nenpòt moun yo te fè analiz COVID-19 pandan 10 dènye jou yo oswa ki gen kontak sere ansanm ak yon moun yo te jwenn ki gen COVID-19 lan, yo p ap otorize li antre nan lopital la.
- Vizitè yo dwe mete yon mask chirijikal pandan vizit yo - si w pa genyen y ap ba w youn.. Si sa nesèsè, vizitè yo ap resevwa ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ak montre yo bon fason pou mete li.
- Vizitè yo dwe lave men yo avèk savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men, anvan yo rantre nan sal pwòch yo a.
- Vizitè yo dwe toujou kenbe mask yo nan figi yo epi rete nan chanm pasyan an pandan tout vizit yo amwenske pèsònèl lopital la mande yo sòti. Vizitè yo ka pa prezan pandan pwosedi yo, nan tretman ki gen ayewosòl ak nan sal rekiperasyon an.

Biwo yo ak lè yo louvri

- Èdtan vizit pou pasyan ki granmoun epi ki entène yo se 10: 00 am jiska 9: 00 pm chak jou. Pandan moman sa a, yo otorize de (2) moun maksimòm rantre chak jou.
 - * Nan Mount Sinai Queens, èdtan vizit pou pasyan ki granmoun epi ki entène yo se 10: 00 am jiska 6: 00 pm chak jou.
 - * Nan Mount Sinai Brooklyn, èdtan vizit pou pasyan ki entène yo se pou yon sèl vizitè apati 10: 00 am jiska 4: 00 pm chak jou (apati 14 dawou 2021).

REMAK: Yo kapab modifye politik vizitè an pou asire sekirite pasyan, manm estaf ak vizitè yo. Nan ka sa yo, manm estaf yo ka otorize yon sèl vizitè nan yon moman, yo ka limite èdtan vizit yo oswa entèdi vizitè nèt pou yon ti tan.

- Yon moun ki pa mala ap gen otorizasyon pou rantre bò kote pasyan yo ki nan sal akouchman ki nan Inite Tranche ak Akouchman epi inite pòsnatal yo. Anplis, kapab genyen yon fanm saj ki kapab la nan pwosesis akouchman an. Pasyan ki entène nan sèvis prenatal yo kapab genyen yon moun ki pa malad ki akonpanye yo pandan yo entène a.
Vizit nan inite pòsnatal yo fèt apati 10: 00am jiska 9: 00pm chak jou. Pandan moman sa a, yo otorize de (2) moun maksimòm rantre chak jou.
- Yo otorize de (2) responsab legal/responsab swen//vizitè ki granmoun pou chak pasyan ki nan sèvis pedyatri a nan bò kabann lan ansanm pandan èdtan vizit nan lopital lan, tankou Inite Swen Entansif Newonatal (Neonatal Intensive Care Unit, NICU). Yon (1) responsab legal/ responsab swen/vizitè kapab ete bò kabann lan 24 èdtan pa jou nan tout inite sèvis pedyatri yo. Nan inite sèvis pedyatri yo, yon (1) responsab legal/responsab swen/vizitè kapab dòmi bò kabann lan pandan nwit lan, sof nan NICU an sa pa kapab fèt. De (2) responsab legal/responsab swen/vizitè kapab akonpanye yon timoun nan yon pwosedi. Yon (1) responsab legal/responsab swen/vizitè kapab rete nan sal rekiperasyon an ansanm ak yon pasyan ki nan sèvis pedyatri a.
- Yo otorize yon (1) vizitè an Sal Ijans (Emergency Room, ER) pasyan yo pandan dezèdtan (2) maksimòm nan chak jou ki gen vizit. ER lan kapab mete limit nan kantite vizitè yo pou yo kapab asire manm ekip lan ak vizitè yo rete an sekirite.
- Yo kapab fè eksepsyon sa yo pou èdtan vizit ak limit imedya (nan espas 24 èdtan) pou fen lavi epi/oswa pasyan ki gen andikap mantal oswa devlopman oswa selon sa dirijan lopital lan chwazi fè a.

Y ap mande vizitè ki pa respekte tout egzijans ki anwo yo pou yo soti.